

DEMANN POU ARANJMAN KI REZONAB/MODIFIKASYON

Ki sa ki yon aranjman rezonab ye?

Yon "aranjman rezonab" se yon chanjman, eksepsyon oswa ajisteman nan yon règ, politik, pratik oswa sèvis ki ka nesesè pou yon moun ki gen yon andikap ka gen memm opòtinite pou l itilize e benefisyè yon kote pou l rete, sa ki gen ladan l espas plizyè moun itilize ak espas piblik yo. Founisè lojman yo, ki gen ladan mèt kay ak asosyasyon moun ki nan blòk aptaman yo, dwe fè aranjman rezonab pou moun ki gen andikap, tankou pèmèt yo gen bêt pou ede yo menmsi nan bilding nan yo pa aksepte bêt domestik. Yon demann pa bezwen fè alekri, men li pi bon pou demann nan fèt alekri pou gen yon dosye demann nan ak dat yo te voye l la.

Lè y ap konsidere yon demann aranjman rezonab pou pèmèt yon bêt k ap ede yon moun, yon founisè lojman dwe pran bagay sa yo sèlman an konsiderasyon:

- Èske moun yo fè demann lan pou li a se yon moun ki gen yon andikap?
- Èske aranjman yo mande a nesesè pou pèmèt moun ki gen andikap la gen memm opòtinite pou l itilize epi pwofite yon kay, ki gen ladan espas plizyè moun itilize yo?
- Èske aranjman yo mande a t at mete sou do founisè lojman an yon chaj ki twòp nan domèn finansye ak administratif?
- Èske aranjman yo mande a mande yon gwo modifikasyon nan nati operasyon founisè a?

Yon founisè lojman pa ka mande enfòmasyon sou kalite oswa gravite andikap la. Sepandan, yon founisè lojman ka mande enfòmasyon sou rapò ki genyen ant andikap moun nan ak bezwen pou aranjman yo mande pou pèmèt yo gen yon bêt k ap ede moun nan. An jeneral moun ki fè demann nan ka bay enfòmasyon sa a. Yon doktè oswa lòt pwofesyonèl medikal, yon gwoup kote youn ap ede lòt, yon ajans sèvis ki pa sèvis medikal, oswa yon lòt moun oswa antite moun fè konfyans ki nan yon pozisyon pou l gen enfòmasyon sou andikap moun nan ka bay enfòmasyon yo tou.

Aksè ak lojman san patipri se dwa w!

SouthCoast Fair Housing, Inc. (SCFH) travay pou elimine diskriminasyon nan domèn lojman epi ede devlope komunitate ki aksesib ak tout moun nan tout Rhode Island ak nan sidès Massachusetts. SCFH bay edikasyon nan kesyon lojman pou tout moun, fè sensibilizasyon, defans, ak aktivite ranfòsman pou n asire tout moun gen menm opòtinite nan kesyon lojman.

Pou plis enfòmasyon pou pran randevou pou yon fòmasyon nan kesyon lojman san patipri, oswa pou pote yon plent kont diskriminasyon nan kesyon lojman, rele (774) 473-9994 oswa (401) 285-2550, vizite southcoastfairhousing.org oswa voye yon imèl nan info@southcoastfairhousing.org.



Pou plis enfòmasyon oswa pou pote yon plent kont diskriminasyon nan kesyon lojman, kontakte:

SouthCoast Fair Housing

257 Union Street 1005 Main Street, Suite 1210
New Bedford, MA 02740 Pawtucket, RI 02860
(774) 473-9994 (401) 285-2550

SouthCoastFairHousing.org

Pou w kontakte nou pa mwayen TTY, lè w sèvi avèk TTY w la rele 711, rele MassRelay nan 800-439-2370 (oswa 1-866-930-9252 pou espanyòl), oswa rele Rhode Island Relay nan 1-800-745-5555 (oswa 1-866-355-9214 pou espanyòl) epi bay nimewo telefòn nou an.

Travay ki te baz pou piblikasyon sa a te jwenn yon sibvansyon Etazini. Depatman lojman ak devlopman komunitè. Kontni ak rezulta travay la se pou piblik la. Sèl responsabilite moun ki ekri l la ak moun ki piblilye l la se se veye presiyon nan deklarasyon yo ak entèpretasyon ki nan piblikasyon sa a. Entèpretasyon sa yo pa nesesèman reflete opinyon gouvènman federal la.



DWA POU LOJMAN SAN PATIPRI POU MOUN KI GEN ANDIKAP: AMENAJMAN REZONAB POU PÈMÈT BÈT K AP EDE MOUN

KESYON MOUN POZE SOUVAN AK REPOS

Lwa federal sou lojman san patipri yo entèdi diskriminasyon nan tranzaksyon ki gen rapò ak lojman akoz ras, koulè, reliyon, peyi kote w soti, sèks, andikap oswa sitiyasyon familyal (si gen timoun minè oswa fi ansent).

Lwa nan Massachusetts ak Rhode Island sou lojman san patipri yo entèdi diskriminasyon nan kesyon lojman sou baz lòt klas ki pwoteje sa yo:

Iaj • estati veteran oswa militè • oryantasyon seksyèl • idantite seksyèl • eta civil • resevwa èd Ieta * (pa egzanp, koupon pou manje) • itilizasyon sibvansyon lojman* (pa egzanp, Seksyon 8) • jenetik* • estati kòm viktim vyolans domestik :)

* Massachusetts sèlman • t Rhode Island sèlman

Lwa lojman san patipri yo aplike nan yon pakèt tranzaksyon lojman, sa ki gen ladan lokasyon, vant, prè pou kesyon imobilye, evalyasyon ak asirans pwopriyetè. Pwopriyetè, ajan imobilye, moun ki bay prè yo, konpayi asirans, ak blòk apatman yo (kondominyòm), koperativ ak asosiyasyon pwopriyetè kay yo pa dwe fè diskriminasyon paske yon moun fè pati yon klas ki pwoteje.



Ki definisyon yon andikap?

Yon andikap se yon pwoblèm fizik oswa mantal ki redui anpil youn oswa plis nan prensipal aktivite nan lavi a, tankou pran swen pwòp tèt ou, fè travay manyèl, mache, wè, tandem, pale, respire, aprann ak travay. Sa gen ladan I tou lefètke yon moun gen yon dosye ki gen rapò ak yon andikap konsa oswa yon dosye konsènan yon moun yo konsidere ki gen yon andikap konsa. Lwa a aplikab tou pou yon moun k ap viv ansam avèk yon moun ki gen yon andikap.

Èske yon bète k ap ede moun se yon bète domestik?

Yon bète k ap ede moun se pa yon bète domestik. Se yon bète ki travay, ki bay èd, oswa fè travay pou ede yon moun ki gen yon andikap oswa bay èd nan domèn emosyonèl ki soulaje youn oswa plis sentòm yo idantifye oswa li soulaje kont efè andikap moun nan. Bète k ap ede moun yo fè anpil travay pou moun ki gen andikap yo, sa gen ladan (men se pa sa sèlman) gide moun ki avèg oswa ki pa wè byen, siyale yon moun ki soud oswa ki tandé di lè yo tandé yon bri, bay pwoteksyon oswa sekou, pouse yon chèz woulant, chèche kèk bagay, siyale moun ki gen andikap ki gen rapò ak kriz malkadi lè kriz la pral pran I, oswa bay sipò nan domèn emosyonèl pou moun ki gen yon bezwen sipò sa akoz yon andikap.

Daprè Lwa sou lojman san patipri, pafwa yo rele bète k ap ede moun yo "bète k ap bay sèvis," "bète k ap ede," "bète k ap bay sipò," "bète pou terapi," "Bète ki bay sipò nan domèn emosyonèl," oswa "bète ki sèvi kom konpay." Daprè Lwa sou lojman san patipri, founisè lojman yo gen yon obligasyon pou yo adapte yo pou moun ki akòz andikape yo, e akoz andikap la sa mande pou yo gen chen k ap bay sèvis oswa lòt kalite bète k ap ede pou fè travay, bay èd nan domèn emosyonèl, oswa soulaje efè andikap yo a.

Èske yon bète k ap ede dwe jwenn fòmasyon oswa gen yon sètifikasi?

Nan objektif pou ka gen yon aranjman rezonab daprè Lwa sou lojman san patipri a, yon bète k ap ede pa bezwen resevwa fòmasyon oswa sètifikasi. Byenke chen se bète yo plis itilize kòm bète k ap ede, yo ka itilize lòt bète tou kòm bète k ap ede. Bète k ap ede ka nenpòt ki ras, nenpòt ki gwo sè e yo ka gen nenpòt pwa. Gen kèk bète k ap ede moun, men se pa tout, ki gen yon kolye espesyal oswa ki gen ekipman espesyal sou yo. Bète k ap ede yo pa oblige gen lisans espesyal, yon sètifikasi, oswa nenpòt idantifikasyon ki vizib.

Èske yon founisè lojman ka mande pou w fè yon depo pou bète k ap ede a?

Non. Estandone yon bète k ap ede se pa yon bète domestik, yon founisè lojman pa ka mande pou w peye yon frè oswa pou w fè yon depo sekirite oswa mete lòt egzijans ak kondisyon ki aplikab pou moun k ap aplike oswa rezidan ki gen bète domestik. Sepandan, si yon bète k ap ede lakòz domaj nan yon apatman yo lwe oswa nan zòn plizyè moun utilize yo, founisè lojman an ka mande lokatè a pou I peye pri reparasyon domaj la, si sa nan pratik founisè a pou I evalye lokatè yo pou domaj lokatè yo te lakòz nan lokal yo.

E si yon founisè lojman pèmèt sèlman bète domestik ki gen mwens pase 30 liv?

Bète k ap ede yo pa bète domestik, poutèt sa yon founisè lojman pa ka mete limit nan gwo sè yon bète k ap ede. Bète k ap ede yo ka nenpòt ki ras, gwo sè, oswa pwa e founisè lojman ta dwe adapte I yon fason rezonab pou yon lokatè ki gen yon andikap ki fè I bezwen pou I gen yon bète k ap ede I, pase sou nenpòt limit ki te gen nan gwo sè oswa pwa ki ta aplikap nan ka bète domestik.

Kilè yon founisè lojman ka refize yon bète k ap ede?

ounisè lojman yo pa oblige bay yon aranjman ki pa rezonab, sa vle di si pèmèt bète la ta mete yon chaj finansye ak administratif sou founisè a. Anplis de sa, yo ka refize yon demann si yon bète k ap ede reprezante yon menas dirèk pou sante oswa sekirite lòt moun oswa si li ta lakòz gwo domaj fizik nan pwopriyete lòt moun, y ap detèmine sa ka pa ka, se pa sou baz sipozisyon oswa prejje sou yon kalite oswa yon ras bète kélkon.

E si konpayi asirans pwopriyete founisè lojman an entèdi yon seri bète?

Si yon konpayi asirans ta anile, ogmante pri yo, oswa chanje kondisyon yo yon fason negatif akòz prezans yon sèten ras chen oswa lòt bète ki se bète k ap ede, konpayi asirans lan t ap vyole Lwa sou lojman san patipri a. Konpayi asirans lan dwe fè yon aranjman rezonab nan règleman I yo ak pwosedi yo pou pèmèt bète k ap ede moun san yo pa chanje pri a oswa kondisyon anrapò ak sa konpayi asirans lan ap kouvari.